



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRÈ NAN REPRESYON ETA A KONT
VYOLASYON TRAVAY TIMOUN YO**

*Depatman Travay Eta New York la te fè 145 enspeksyon nan antrepriz, te mennen
envestigasyon sou vyolasyon travay timoun ki lakoz amand pou 105,000 dola*

*Lanse tou [Sant sou Travay Timoun](#) anliy lan, pou mesaj sou sèvis piblik an [Anglè](#)
ak [Espanyòl](#) pou edike travayè ak mèt travay yo sou Lwa sou Travay Timoun yo*

*Pibliye [Fòm pou pote plent](#) ki amelyore a pou rann li pi fasil pou rapòte vyolasyon
yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse pwogrè nan efò plizyè volè Eta New York ap fè pou pwoteje timoun ki nan fòs travay la. Gouvènè Hochul te anonse ke nan kad travay kontini li ak [Gwoup Travay sou Travay Timoun](#) li te anonse nan kòmansman ane sa, Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor, NYSDOL) te fè enspeksyon resaman sou pratik travay timoun nan 145 antrepriz New York. Gouvènè a te devwale tou nouvo [fòm anliy pou pote plent pou travay timoun](#) NYSDOL la, ki bay moun ki poko gen dizwit tan, paran yo ak moun k ap ba yo swen, ak pati ki konsène nan kominote a yon metòd fasil pou rapòte vyolasyon yo, epi lanse nouvo [sant sou travay timoun](#) anliy NYSDOL la, yon resous dijital ki gen enfòmasyon enpòtan pou ede anplwayè yo konfòme ak lwa federal ak eta sou travay timoun yo. Ansanm, anons sa yo apiye angajman Gouvènè a pou konbat pratik travay timoun abizif yo epi kreye espas travay ki an sekirite pou tout Nouyòkè, espesyalman minè yo.

"Eta New York kontinye ap apiye efò nou pou fè eta nou an vin eta ki pi an sekirite nan peyi a pou tout travayè yo - patikilyèman travayè timoun yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo inisyativ sa yo, n ap reafime angajman nou pou mete fen nan pratik travay timoun abizif yo epi kreye anviwònman travay ki pi an sekirite pou tout moun."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Timoun nou yo se avni Eta New York epi nou dwe pwoteje yo pandan y ap kòmansman pakou yo nan mond travay la. Eta New York gen kèk nan pwoteksyon pou minè nan plas travay la ki pi solid. Y ap kenbe tout biznis k ap evite lalwa yo epi tradui yo nan lajistis rapidman.

Mwen ankouraje jèn manm mendèv nou an ak paran yo pou konprann dwa yo epi depoze plent si yo sispèk yo se yon viktim."

Anplis enspeksyon NYSDOL nan biznis yo, NYSDOL ap kontinye mennen investigasyon sou vyolasyon travay timoun yo atravè Divizyon Règleman Travay la. An Janvye 2021, NYSDOL te lanse yon investigasyon sou travay timoun nan Princeton Food Services, L.L.C. apre Divizyon Règleman Travay la te resevwa yon plent anonim sou konpayi restoran Wendy Staten Island. Pandan ankèt la, investigatè yo te dekouvri plizyè vyolasyon ki enplike minè ki te fèt pandan yon dire plizyè mwa. Vyolasyon yo te genyen ladan yo minè k ap travay pandan tout jounen lekòl la, travay ta nan lannwit lekòl yo, epi travay nan lè ki depase orè pa jou ak pa semèn ke lalwa otorize yo. Lè NYSDOL te edike konpayi an sou lwa a, li te vin konfòme l ak lwa yo. Apre sa, NYSDOL te fè yon odit konplè ki te lakoz Princeton Food Services, L.L.C. peye 105,000 dola amann pou vyolasyon travay timoun.

Nouvo [sant sou travay timoun](#) nan prezante plizyè atou pou ede anplwayè, paran, minè ak piblik la sèvi ak lwa sou travay timoun yo. Resous yo genyen ladan yo [fòm pou pote plent sou travay timoun](#) nan, ki antame yon investigasyon Divizyon Règleman Travay la nan biznis yo rapòte a, depi yo depoze yon plent. Sant lan posede tou lòt zouti pou anplwayè yo, ki enkli yon [modèl planifikasyon](#), yon [egzanp orè travay](#), yon [gid pwogramasyon pa kòd koulè](#), ak videyo fòmasyon anliy pou ede anplwayè yo respekte lwa sou travay timoun yo.

NYSDOL te entansifye sansibilizasyon edikatif li a lè li distribye materyèl ki enprime ak resous dijital - ki enkli [kat pom](#) ak fòmasyon anliy - pou jèn Nouyòkè, paran yo, biznis yo, ak pati ki konsène nan kominote a atravè Eta New York. Nan kad kanpay sèvis piblik kontini li a sou travay timoun, NYSDOL te kreye resaman videyo an [Anglè](#) ak [Espanyòl](#) nan kad efò kontini li pou edike piblik la sou pwoteksyon ki anplas pou minè yo nan espas travay la. Y ap distribye videyo a bay distri lekòl nan tout eta a pou edike minè k ap chèche dokiman travay yo. Sant sou Travay Timoun nan ap genyen ladan l tou yon garanti anplwayè pou anplwayè sa yo ki pran mezi pou edike tèt yo sou lwa sou travay timoun yo epi angaje pou kenbe minè yo an sekirite nan plas travay yo.

Gouvènè Hochul [te anonse](#) nouvo Gwoup Travay sou Travay Timoun nan, nan mwa mas la kòm repons ak yon wos ki enkyetan nan vyolasyon travay timoun yo. Manm kolaborasyon ant ajans sa rankontre regilyèman pou egzamine tandans yo pou oryante solisyon pou ranfòse pwoteksyon jèn mendèv la. Gwoup travay la travay tou nan fason aktif pou asire ke timoun yo, paran, ak anplwayè yo edike sou dwa jèn Nouyòkè yo nan plas travay la. Nan kad anons sa, Gouvènè a te revele tou yon kanpay edikasyon piblik pwolonje ak kreyasyon yon nouvo Inite Entèvansyon kont Trafik Mendèv (Labor Trafficking Response Unit) andedan NYSDOL.

NYSDOL gen gid anliy, ki divize pa laj [14-17](#) an ak [18-24](#) an pou ede anplwayè, paran, ak minè yo konprann lwa ak pwoteksyon yo pi byen. Genyen lòt enfòmasyon tou ke jèn travayè yo ka bezwen konnen anvan yo kòmanse chèche travay, ki enkli sijè tankou

[dokiman travay](#), idantifikasyon ki kòrèk, preparasyon cv, ak plis toujou. Men kèk konsèy enpòtan pou sonje pou jèn travayè yo ak biznis k ap anboche yo:

- Travayè ki gen 14 a 17 an yo dwe gen yon sètifika travay, ke yo rele tou dokiman travay pou yo ka genyen yon djòb nan Eta New York.
- Gen limit nan dire orè travay yo, lè nan jounen an ak kantite èdtan minè yo ka travay tou depann de laj yo, epi si sesyon lekòl yo ankou.
- Minè yo gen entèdiksyon pou [travay lannuit](#) epi gen restriksyon diferan pase pa adilt yo.
- [Lwa sou salè minimòm yo](#) aplike pou tout travayè (amwenske sa endike yon lòt jan), ki enkli pou minè yo tou.
- Minè yo pa ka reyalize kèk aktivite oswa okipasyon ki konsidere kòm danjere. Aktivite ak okipasyon sa yo entèdi nan nivo eta a ak/oswa nivo federal la.

Pou plis enfòmasyon sou lwa sou travay timoun yo, vizite [sit entènèt Konnen dwa ou](#) NYSDOL la. Pou plis enfòmasyon sou trafik moun ak travay, vizite [sitwèb Trafik Moun](#) nan.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)